**दिन—सोमवार** **दिनांक—27.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि अछि जे एनसीसी कैडेटक ऊर्जा आ हुनक सजगता स्वर्णिम भारतक निर्माण कैँ संभव बनाओत। प्रधानमंत्री श्री मोदी आइ नव दिल्ली मे करियप्पा परेड ग्राउंड में राष्ट्रीय कैडेट कोर, एनसीसीक वार्षिक रैली के संबोधित कयलनि अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एनसीसी सदति सँ युवा सभक राष्ट्र निर्माणक प्रेरणा दैत अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलनि जे एनसीसी कैडेटक संख्या लगातार बढि रहल अछि आ एहि मे महिला लोकनिक भागीदारी के देखि अत्यंत गर्व होयत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे भारतक युवा शक्तिक बिना देशक भविष्यक कल्पना नहि कयल जा सकैत अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलनि जे वन नेशन, वन इलेक्शन विकसित भारत बनेबाक लेल आवश्यक अछि। ओ युवा सभक आह्वान कयलनि जे ओ एक देश, एक चुनावक विमर्श के आंगां बढ़ेवा मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निमाहथि। युवा शक्ति विकसित भारत के थीम पर आधारित एहि आयोजनक दरमियान एनसीसीक आठ सय सँ बेसी कैडेट सांस्कृतिक कार्यक्रम प्रस्तुत कयलनि जाहि मे राष्ट्र निर्माणक प्रति एनसीसीक प्रतिबद्धता देखाओल गेल। रैली मे अठारह मित्र देशक एक सय चौवालीस युवा कैडेडक सेहो भागीदारी रहल।

---

प्रयागराजक महाकुंभ मे आइ गृहमंत्री अमित शाह गंगा, यमुना आ सरस्वती नदीक संगम त्रिवेणीक पवित्र जल मे डूबकी लगौलनि। उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आओर कतेको संत सेहो पवित्र स्नान मे गृहमंत्रीक संग छलाह। एम्हर, काल्हि गणतंत्र दिवसक अवसर पर कुंभ नगरी मे ड्रोन शो के आयोजन कयल गेल, जाहि मे लोकसभ के संस्कृति आ देशभक्तिक संगम देखबाक लेल भेटल।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारकैँ तबियत खराब होयबाक कारणे आइ सँ आरंभ होबऽबला हुनक प्रगति यात्राक तेसर चरणक कार्यक्रम मे बदलाव कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री सचिवालय सँ जारी पत्रक अनुसार यात्राक तेसर चरण आब काल्हि पूर्णियां सँ काल्हि आरंभ

होयत। प्रगति यात्राक चारिम चरणक कार्यक्रम सेहो घोषित कऽ देल गेल अछि। एकर अनुसार चारिम चरण एक फरवरी सँ भागलपुर सँ आरंभ होयत। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव तीस जनवरी सँ अपन कार्यकर्ता दर्शन सह–संवाद कार्यक्रमक आठम चरणक प्रारंभ सीवान सँ करताह।

—————————————————

निगरानीक टीम सीतामढ़ी जिलाक पुपरी अंचल कार्यालय मे पदस्थापित राजस्व कार्मचारी भोगेन्द्र के एकावन हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कऽ लेलक। गिरफ्तार कर्मचारी पर दाखिल–खारिजक बदला रिश्वत लेबाक आरोप अछि। निगरानीक टीम हुनका अपना संग पटना लऽ गेल अछि।

—————————————————

राजधानी पटना सहित राज्यक अधिकतर भाग मे रौद होयबाक कारणे लोक सभ के ठंढ़ा सँ थोड़ेक राहत भेटल अछि। विभिन्न स्थान सभ पर अधिकतम आ न्यूनतम तापमानक मध्य अंतर बढ़ल अछि। यद्यपि डेहरी, छपरा, मोतिहारी, जमुई, बक्सर, बांका, दरभंगा आ गया जिला मे न्यूनतम तापमान एखनहु दस डिग्री सेल्सियस सँ नीचाँ बनल अछि। रोहतास जिलाक डेहरी प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। एतऽके न्यूनतम तापमान छओ दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे प्रदेशक अधिकांश भाग मे अगिला दू दिन धरि मौसम मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि होयत। एकर बाद विभिन्न भाग मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियसक वृद्धि भऽ सकैत अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, शिवहर आ मधुबनी जिला मे किछु ठाम भोर आ सांझक काल घनगर कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि।

—————————————————

मुंगेर शहरक शहीद स्मारक लऽगऽ गृहरक्षा वाहिनीक जवान सभ एक दिवसीय धरना देलनि। एहि दरमियान प्रदर्शनकारी सभ समान काम, समान वेतन सहित एकैस सूत्रि मांगक समर्थन मे नारेबाजी कयलनि।

अररियाक एक स्थानीय अदालत भारतीय न्याय सुरक्षा संहिताक विभिन्न धारा सभक अंतर्गत दू महिला सहित चारि अभियुक्त सभ के आजीवन कारावासक सजा सुनौलक अछि।

बेगूसराय जिलाक बखरी थाना क्षेत्र अंतर्गत शरकरपुरा गाम सँ पुलिस एक अपराधी के दू पिस्तौल आ कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना क्षेत्र अंतर्गत सिधपकला गाम मे पुलिस छापामारी कऽ खेत मे नुका कऽ राखल गेल भारी मात्रा मे नेपाली शराब बरामद कयलक अछि।

---

समाप्त